



Pou Piblikasyon Imedya: 14/06/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YON ENVESTISMAN 150 MILYA DOLA NAN ENFRASTRIKTI SOU SENK LANE K AP VINI YO

Angajman Istorik pou Transpò, Anviwònman, Devlopman Ekonomik ak Kominote, Edikasyon ak Lojman Pou Konstwi yon Nouvo New York

Sipòte Kreyasyon 675,000 Travay

Konstwi sou Ansyen Rekò Investisman Enfrastrikti 100 Milya Dola

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a yon plan enfrastrikti 150 milya dola pou pwochen senk lane yo. Investisman istorik sa a nan byen immobilize New York yo pwolonje inisyativ 100 milya dola enfrastrikti Gouvènè a ki deja ekziste. Kòmanse nan ane fiskal 2020, pwajè kapital sa yo pral rekonstwi transpò ak sistèm sikilasyon anmas, konstwi lojman ki ansekirite, a bonmache ak sekirize, ankouraje devlopman ekonomik ak kominote, konstwi nouvo batiman lekòl ki pi bon pou aprantisaj nan 21yèm syèk la, kreye nouvo etablisman anviwònman ak pak, sipòte enèji fiti ki dirab, ak kreye 675,000 nouvo travay ak ogmante opòtinite pou tout moun New York.

“Aprè yon mwatye syèk nan neglijan ak inaksyon, New York ap yon lòt fwa ankò konstwi pou fiti a, epi investisman enfrastrikti nou yo deja kreye plizyè santèn milye travay”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Angajman rekò sa a pou enfrastrikti, ki pwolonje pwogram 100 milya dola nou an ki deja ap pwospere a, pral ankouraje elan annavan epi demontre yon lòt fwa ankò lè gen vizyon ak anbisyon, New York ka vini yon ekzanp pou rès nasyon an imite.”

Menm jan ak pwogram 100 milya dola enfrastrikti a ki deja ekziste a, nouvo plan 150 milya dola ap resevwa finansman atravè yon konbinezon gouvènman onivo eta a, federal, lokal, otorite piblik, ak investisman prive. Dèt leta pral rete a yon nivo abòdab ak nan limit legal pou dèt. Administrasyon responsab pòtfèy dèt Eta a te rete yon kalite nan administrasyon sa a epi, jodi a, eta a gen mwens dèt konpare a lè Gouvènè a te monte sou pouvwa a.

Moun New York gentan ap benefisye de byen immobilize yo atravè plan enfrastrikti aktyèl 100 milya dola a, soti nan Pon Mario Cuomo, pou pase nan Metro nan 2nd Avenue (2nd Avenue Subway), pou ale nan revitalizasyon sant vil ak pwajè enfrastrikti pou dlo atravè tout eta a. Pwajè sa yo ap sipòte kreyasyon apeprè 450,000 travay ak kontribye nan

nivo travay rekò nan New York. Depi kòmansman administrasyon Gouvènè Cuomo, ekonomi Eta New York la te eksperimente kwasans anplwa nan 76 sou 88 mwa ki sòt pase yo.

Nouvo plan enfrastrikti 150 milya dola a pral sipòte kreyasyon 675,000 travay, epi gwo investisman nan inisyativ enfrastrikti atravè eta a enkli:

- 66 milya dola pou transpò, sa enkli sikilasyon an mass, tren, ayewopò, wout nasyonan, ak pon ak tinèl atravè eta a pou kreye sistèm enfrastrikti an ki pral sipòte kwasans ekonomik atravè 21yèm syèk la.
 - Aksè JFK - Faz 2 ak 3 Van Wyck Expressway
 - Faz 2 ak 3 Hunts Point/Bruckner
 - Reyimajine Wout I-81 nan Syracuse
 - Tèminal Otobis Otorite Pòtyè (Port Authority)
 - Estasyon Bis Pon George Washington (George Washington Bridge)
 - Tèminal Brooklyn Marine ak Red Hook
 - Ranplasman Platfòm pou Pon Newburgh-Beacon (Newburgh-Beacon Bridge)
 - Amelyorasyon konsiderab nan sistèm metro a ak byen immobilize MTA
- 32 milya dola pou amelyore batiman anviwònmanal yo, rekonstwi pak nou yo, kreye yon fiti enèji ki pi pwòp ak pi ekolojik.
 - Investisman Green Bank NYSERDA
 - Kredi Enèji Renouvlab Enèji Pwòp Estanda (Clean Energy Standard)
 - Pwogram NY-Sun
 - Fon Pwoteksyon anviwònman (Environmental Protection Fund)
 - Fon Renouvlab Eta pou Dlo Pwòp (Clean Water State Revolving Fund) nan EFC
 - Sipè-Fon Eta a (State Superfund)
 - Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik (Parks, Recreation and Historic Preservation)
- 11 milya dola pou devlopman ekonomik ak kominote pou sipòte estrateji rejyonal, atire investisman sektè prive ak kreye travay.
 - Prim Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal yo (Regional Economic Development Council)
 - Patenarya Eta a nan investisman kapital nan sektè teknoloji avanse
- 9 milya dola pou kontinye investisman eta a nan konstriksyon lojman abòdad ki ansekirite, sekirize ak bon kalite pou moun New York.
- 19 milya dola pou ede distri lekòl yo konstwi nouvo batiman lekòl ki pi bon - kreye espas aprantisaj pou 21yèm syèk la.
- 13 milya dola pou amelyore ak kenbe batiman SUNY ak CUNY, batiman swen sante eta a ak lòt byen immobilize.

Plan enfrastrikti 100 milya dola ki la deja a ap soutni kreyasyon apeprè 450,000 djòb epi li gen ladan:

- Plan Kapital MTA
- Wout ak Pon yo
- Pon Kosciuszko (Kosciuszko Bridge)
- Pon Goethals (Goethals Bridge)
- Yon Ayewopò John F. Kennedy (John F. Kennedy Airport, JFK) Repanse
- Ayewopò LaGuardia (LaGuardia Airport)
- Tren Anlè nan LaGuardia (LaGuardia AirTrain)
- Ayewopò Entènasyonal Syracuse (Syracuse International Airport)
- Ayewopò Elmira-Corning (Elmira-Corning Airport)
- Ayewopò Entènasyonal Plattsburgh (Plattsburgh International Airport)
- Ayewopò Ithaca (Ithaca Airport)
- Plan Envestisman nan Lojman (Housing Plan Capital)
- Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò a (Upstate Revitalization Initiative)
- Plan Pon ak Tinèl MTA (MTA Bridges and Tunnels Plan)
- Envestisman nan Lopital
- Pon Governor Mario M. Cuomo
- Sant Sikilasyon Woodbury (Woodbury Transit Hub)
- Enfrastrikti Dlo Pwòp (Clean Water Infrastructure)
- Buffalo Children's Hospital
- Transfòmasyon LIRR
- Penn-Farley
- Agrandisman Sant Javits la (Javits Center)
- Entènèt Rapid (Broadband)
- Pwogram Envestisman nan Pak yo (Parks Capital Program)
- Dig Staten Island lan
- Estasyon Tren Schenectady (Schenectady Train Station)
- Estasyon Tren Niagara Falls (Niagara Falls Train Station)
- Rochester Train Station (Rochester Train Station)
- Echanjè Kew Gardens (Kew Gardens Interchange)
- Konplèks Estasyon Willets Point la
- Envestisman nan Syans Lavi yo
- Revitalizasyon Anbalavil

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)